

Ibisabwa Mukuronswa Amahigwe Yabahabwa Ibifungugwa Nkenegwa: Iryo Ukeneye Kumenya Kugira Ugumane Utumaro Twawe Basic Food Eligibility Requirements: What You Need to Know to Keep Your Benefits

Utumaro twawe dufise imbibe zigihe mugihe Tarkio urakora

Turazirikanya ko uri Umuntu Akuze w' Amagara Meza Udatunze Abandi (ABAWD) bo kubifungugwa nkenegwa kuko ufise ubushobozi bwo gukora akazi kandi ntabana baba munzu iwawe.

Urashobora kuronswa Utumaro tw' Ibifungugwa Nkenegwa bitata incuro zitato muri buri amaze 36 mugihe udakwijiye ibisabwa vy' akazi.

Nig gute ushobora kugumana Utumaro twawe tw' Ibifungugwa Nkenegwa

Utegerezwa gukora igikogwa kimwe canke vyinshi muri ibi bikurikira kugira ugumane utumaro twawe ku kiringo kirenga amezi atatu:

- Uzuzwa akazi ko mukwitanga kumugambi w' Agahemboko kwitanga buri kwezi Igitigiri cawe c' utumaro ca buri kwezi kigenwa bivanye n' igitugiri c' amasaha ya kazi ko kwitanga utegerezwa gukora kugira ugumane utumaro twawe tw' ibifungugwa.
- Kora akazi bibure kukigereranyo c' amasaha 20 ku ndwi canke 80 ku kwezi.
- Niwifatikanye n' umugambi w' akazi wemewe na leta canke inyigisho z' umwuga nka:
 - Akazi n' Inyigisho z' Imyuga y' Erekeye Ibifungugwa Nkenegwa (BFET). Kumakuru ahagije genda kuri www.dshs.wa.gov/bfet;
 - Imigambi irimwo Ihangabusha ry' Imirimo y' Akazi hamwe n' Ishingwa ry' Uburyo (WIOA). Kumakuru ahagije genda kuri <https://www.dshs.wa.gov/esa/community-services-offices/wioa>;
 - AmeriCorps VISTA; canke
 - Inzira y' Imbibe m' Ubumenyi bw' Ururimi gw' Icongerezwa (LEP).

Ibogamizi zo kw' ifatakanisha

Ganira na twe bwe mugihe udashoboye kwifatakanisha n' akazi k' amasaha 80 ku kwezi kubera:

- Ufise ubumuga bw' umubiri canke ingwara zo mumitwe;
- Ronka utumaro tuvuye muri mu mugwi wa Labor & Inganda (L&I), Ubuyobozi bw' Abakera bakoreye Igisirikare, canke ubwigenge bw' asuranshe kubimuga;
- Uba m' ubuzima bukubuzwa akazi, nkakarorero kuba mwibarabara mu kiringo kinini;
- Ubungabunga umuntu atishoboye kwibungabunga kubwiwe kubera ubusaza canke ubumuga;
- Wifatakanisha n' Iyaha ryo gukoresha iviyovyabwenge canke umugambi wo kugaruraho amagara;
- Wasavye canke uhabwa utumaro two kutagira akazi;
- Wanditswe mw' ishure bibure igice c' igihe; canke
- Uhabwa utumaro tw' Infashanyo z' Amafaranga y' Impunzi canke Amafaranga y' Ihuza ry' Umugambi.

Ibintu utegerezwa gutangira raporo

Utegerezwa kutumenyeshya mugihe:

- Udashobora kwuzuzwa amasaha yo kwifatakanisha asabwa ku kwezi.
- Akazi kawe kagabanutse musu y' amasaha 20 ku ndwi.
- Amafaranga y' Injira m' urugo iwawe arenga ku mbibe zo muri WAC 388-478-0060.

Urashobora kuronka amakuru ahagije yerekeye ibisabwa muri ABAWD kuri www.dshs.wa.gov/abawd.

Duhamagare kuri 1-877-501-2233 mugihe ufise ibibazo ivyariywo vyose, ukeneye infashanyo zo kugufatikanisha k' umugambi w' inyigisho z' imyuga, canke ukeneye gutanga raporo y' ivyahindutse.

Urashobora kudutemberera kuri www.washingtonconnection.org mu gusaba utumaro, gutanga isuzumwa, canke gutanga raporo y' ivyahindutse.